

uaspire

# ÈD FINANSYE



## LIS VERIFIKASYON

Swiv etap sa yo nan dènne ane lekòl segondè w pou w aplike pou èd finansye. Dat limit yo varye selon eta ak kolèj, kidonk, menm si li pase tan yo sijere a, fini etap yo lè ou kapab,.

## PARE

SEPTANM

**Fè lis inivèsite**

Travay ak konseye uAspire ou a pou idantifye epi aplike nan omwen yon lekòl ki pi an sekirite finansyèman - yon kolèj ke ou gen anpil chans pou yo aksepte w epi ou kapab peye.

**Kreye ID FSA**

Non itilizatè ak modpas ke tout etidyan ak youn nan paran yo dwe kreye pou siyen epi soumèt FAFSA a.

- gade [Ki jan pou kreye yon non itilizatè ak modpas \(ID FSA\)](#)
- Kreye yon ID FSA nan [studentaid.gov](https://studentaid.gov)

## APLIKE

OKTÒB - DESANM

**Soumèt Pwofil CSS**

Kèk kolèj prive mande pou elèv yo aplike pou èd finansye dirèkteman nan kolèj la.

- vizite [cssprofile.collegeboard.org](https://cssprofile.collegeboard.org) pou wè si kolèj ou (yo) bezwen Profile CSS la epi soumèt aplikasyon an
- Itilize [lis verifikasyon CSS Profile](#) pou Kolekte enfòmasyon ki nesèsè

**Soumèt FAFSA**

Aplikasyon Gratis pou Asistans Federal pou Etidyan an disponnib an **Desanm 2023**, epi tout fakilte, inivèsite, ak pwogram teknik mande li pou etidyan k ap fè aplikasyon pou asistans finansye.

- Gade [Apèsi sou FAFSA](#)
- Itilize [lis verifikasyon FAFSA](#) a pou Kolekte enfòmasyon ki nesèsè
- Ranpli epi soumèt FAFSA w la nan [fafsa.gov](https://fafsa.gov)

# KONTINYE

JANVYE - FEVRIYE

- Gade ankò Rezime FAFSA ou Soumèt la (FSS)**

Ou ka jwenn FSS la prèske touswit apre ou soumèt FAFSA a. Li bay yon rezime enfòmasyon ou ekri ladan yo, tankou Endèks Asistans Etidyan ou (Student Aid Index, oswa SAI), epi li montre si gen pwoblèm ki bezwen rezoud nan FAFSA ou.

- Soumèt fòm enstitisyonèl yo**

Kèk kolèj ki egzije w ranpli pwòp fòm èd finansye pa yo, ki ka konsilte sou entènèt oswa y ap voye ba ou pa lapòs oswa imel.

- Vizite sitwèb kolèj ou a (yo) pou wè si yo egzije yon fòm enstitisyonèl

- Verifikasyon konplè**

Si yo chwazi w pou verifikasyon, yon pwosesis kolèj yo itilize pou asire enfòmasyon ki rapòte sou FAFSA w la kòrèk, ou oblije bay dokiman yo mande yo pou ou ka resevwa èd finansye.

- Wè [Dokiman Verification](#) nou an

# DESIDE

MAS-ME

- Revize òf èd finansye yo**


Òf èd yo montre w kantite èd finansye w ap resevwa si w ale nan yon kolèj espesifik. Konpare tout òf yo anvan ou decide ki kote pou w ale nan kolèj.

- Itilize [Kalkilatè pri kolèj](#) la pou konpare òf ou yo epi estime depans endirèk ou yo

- Peye depo ekolaj**

Yon peman ki pa ranbousab ke pifò kolèj ak inivèsite 4 ane yo egzije pou kenbe plas ou nan kolèj la, ki dwe fèt anvan 1ye me.

- Itilize [Kalkilatè pri kolèj](#) nou an pou plis enfòmasyon



Eskane oswa ale nan [uaspire.org/Checklist](https://uaspire.org/Checklist) pou wè lis verifikasyon sou entènèt la